

## Patwon yo: Enfòmasyon ou bezwen konnen sou lèt Administrasyon Sekirite Sosyal ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon

### Kisa yon lèt "SSA ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon ye"?

Yon lèt Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon, yo rele ofisyèlman yon avi "Demann koreksyon patwon" (Employer Correction Request), se yon lèt enfòmasyon ki la pou avèti yon patwon sou diferans ant ransèyman patwon an te ranpli ak sa ki nan dosye SSA ki kapab gen yon diferans nan kantite lajan egzat yon anplwaye ka resevwa pou rive jwenn tout avantaj sekirite sosyal la bay. Lèt la endike enfòmasyon yo bay sou non epi/oswa sou nimewo sekirite sosyal anplwaye a pa koresponn ak non epi/oswa SSN nan dosye SSA a. SSA rekòmanse voye kourye sa yo bay patwon yo nan mwa mas 2019, aprè plizyè ane li te refize fè sa.

### Èske si yo resevwa lèt SSA ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon, sa kapab sèvi kòm avi yon aksyon pou blame patwon oswa anplwaye a?

**Non.** Yon diferans kapab egziste pou plizyè rezon, li ka yon fot de frap, yon erè nan sa ki ekri yo oubyen yon chanjman non ki pa rektifye. Men sa lèt SSA a di: "Lèt sa a pa vle di oumenm [patwon an] oubyen anplwaye a fè eksprè pou bay leta yon move enfòmasyon sou non anplwaye a oubyen SSN li." <sup>1</sup>

### Èske si yo resevwa yon lèt SSA ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon sa kapab sèvi pou montre yon anplwaye pa gen pape oubyen l ap travay san otorizasyon ?

**Non.** Jan li mansyone pi wo a, diferans yo ki pouse SSA voye yon lèt ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon bay patwon yo kapab baze sou anpil rezon. Men sa lèt SSA a di: "Lèt sa a pa la pou mande patwon abòde otorizasyon travay anplwaye ou oubyen sityasyon li ak imigrasyon". Depatman Jistis Ameriken an tou avize anplwaye yo pou pa sipoze okenn anplwaye gen pwoblèm ak sityasyon imigrasyon yo paske yo resevwa lèt sa a.<sup>2</sup>

### Kisa yon patwon ki resevwa yon lèt ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon dwe fè?

Lèt ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon a mande pou patwon fè tout sa pou yo fè pou gade dosye yo, si yo gen erè pou fè koreksyon bay SSA pou asire yo salè anplwaye yo afiche nan dosye SSA yo epi anplwaye yo resevwa tout avantaj sekirite sosyal yo kòrèkteman. Patwon yo dwe bay anplwaye yo yon kopi lèt la pou yo ka asire yo SSA gen tout enfòmasyon yo. SSA founi tou anpil enfòmasyon sou sitwèb li a, ki gen ladan egzanp avi, enstriksyon etap pa etap, Kesyon yo poze souvan: <https://www.ssa.gov/employer/notices.html>.

Jan sa di nan lèt SSA a: "Oumenm [patwon] ou pa gen dwa itilize lèt sa a pou pran move desizyon kont yon anplwaye, tankou revokasyon, sispansyon, ranvwa oubyen diskriminasyon kont moun sa a paske senpman SSN li oubyen non li pa enskri nan dosye nou yo."

### Èske yo egzije pou patwon yo fè tout koreksyon nan 60 jou?

**Non.** SSA dekri lèt ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon a tankou "yon lèt enfòmasyon ki la pou alète patwon yo lè gen bagay ki pa ann akò."

Sepandan, SSA deklare li pa yon ajans ki la pou fè respekte lalwa epi nan kòmansman mwa jen, li konfime ansanm ak fonksyonè kongrè yo "li p ap pran okenn mezi, si konsekans yo pa lye ak sa SSA di, si patwon yo pa ta respekte lèt yo [ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon]."<sup>3</sup>

(Kontinye nan lòt paj devan.)

<sup>1</sup> Egzanp demann koreksyon administrasyon sekirite sosyal la mande patwon yo pou fè pou retrete, reskape, ak asire ki andikape yo disponib sou <https://www.ssa.gov/employer/notices/EmployerCorrectionRequest.pdf>

<sup>2</sup> Depatman Jistis, Kesyon Moun Poze Souvan sou Non/Nimewo Sekirite Sosyal yo "absans korespondans yo", <https://www.justice.gov/sites/default/files/crt/legacy/2010/12/29/FAQs.pdf>

<sup>3</sup> Komisè Pwovizwa Administrasyon Sekirite Sosyal la Nancy A. Berryhill, lèt sou kourye korespondans nan edikasyon (EDCOR)/demann sèvis koreksyonèl pou patwon (sètadi, "sa ki pa etabli okenn korespondans nan enfòmasyon) lèt ki al jwenn Onorab Jim Acosta (3 jen 2019).

<sup>4</sup> Id.

## Èske SSA pataje enfòmasyon ak lòt ajans sou patwon ak anplwaye ki gen dosye ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon?

Pou SSA, tout kontni lèt ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon se yon seri enfòmasyon fiskal federal ki pwoteje epi, kidonk, SSA pa gen dwa pataje enfòmasyon sa yo bay lòt ajans, sòf si ta gen yon rezon valab selon sa atik 6103 [Kòd pou enpo yo] di. <sup>4</sup> SSA ka pataje enfòmasyon avèk Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) paske SSA konsidere kòm yon ajan IRS.

## Kòman patwon ak anplwaye yo ka jwenn plis enfòmasyon?

Patwon yo ka chache wè yon konseye jiridik oubyen asosyasyon nan sektè aktivite yo. Anplwaye yo ka chache reprezantan ki nan travay yo a oubyen chache èd jiridik pou fè koreksyon yo, si sa ta nesèsè. Moun New York ki ta bezwen asistans yon avoka pou kesyon imigrasyon ka konpoze nimewo sa a 311 epi repete "ActionNYC" oubyen "immigration legal services" pou jwenn kèk referans.

## Lèt SSA ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon a epi evite diskriminasyon selon Lwa sou Dwa Moun Vil New York la.

Pran yon seri mezi defavorab kont yon anplwaye sou labaz diferans nan dosye li, tankou ba li konje oubyen mete fen nan anplwa li kapab vyole Lwa sou Dwa Moun Vil New York (NYC Human Rights, NYCHRL). Pami tout lòt pwoteksyon yo, NYCHRL entèdi patwon yo pou fè diskriminasyon kont yon anplwaye, nenpòt fason, akòz sityasyon imigrasyon aktyèl li ou dimwens, selon sa yo panse, peyi kote li soti, oubyen apatenans li nan kèlkeswa kategori ki benefisyè pwoteksyon. Yon anplwaye ki resevwa lèt ki pa etabli korespondans enfòmasyon epi ki sèvi ak li pou fè diskriminasyon ak fè reprezay sou yon anplwaye, nenpòt fason an, ka tonbe anba sanksyon lalwa sivil pou peye anplwaye sa a jiska \$250,000 dola epi l ap oblije anplis peye domaj enterè. Lwa Eta a ak federal yo tou entèdi diskriminasyon epi prevwa sanksyon pou sa.

Men kèk egzanp vyolasyon NYCHRL ki gen rapò ak lèt ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon yo:

- Yon patwon ki resevwa lèt la ki pale de yon anplwaye ki soti Filipin Patwon an t ap chache depi lontan yon okazyon pou voye anplwaye a ale poutèt aksan li, menmsi sa pa afekte kapasite anplwaye a genyen pou fè travay li, epi li gen papyè legal pou l travay. Kou li resevwa lèt la, patwon an patwon revoke anplwaye a.
- Yon patwon ki resevwa lèt la ki pale de pwoblèm absans korespondans nan enfòmasyon yo. Patwon an sipoze enskripsyon yon travayè migran britanik te gen erè nan enfòmasyon anplwaye a te bay. Patwon an ap bay anplwaye a yon kopi lèt la san l pa pran lòt mezi. Poutan, patwon ka remake plizyè travayè ki nan lis lèt ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon yo, ki se migran Meksiken, ki pa gen yon estati migran regilye. Patwon an ap mande yo pou ranpli yon nouvo fòm I-9 epi pote orijinal prèv otorizasyon travay yo. Sèten anplwaye pa pote enfòmasyon sa a; patwon an revoke yo pou sa. Etandone patwon an egzije sèlman anplwaye ki soti Meksik founi dokiman, patwon sa a ap koupab diskriminasyon akòz li sible orijin nasyonal ak sityasyon antanke migran anplwaye meksiken yo, selon sa lalwa NYCHRL la di.
- Yon anplwaye nan travay la te pale ak tout kè l sou kondisyon anplwaye nwa yo ki pa nòmal. Patwon an ap resevwa answit yon lèt ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon pou anplwaye sa a. Patwon an deside revoke anplwaye paske l ap plenyen pou zafè diskriminasyon epi li itilize lèt ki pa etabli korespondans nan enfòmasyon an kòm pretèks pou revoke li. Patwon sa a ap akize de reprezay selon lwa NYCHRL la paske li pran mezi defavorab kont yon anplwaye poutèt angajman li nan yon aktivite ki pwoteje.

## Resous adisyonèl pou patwon yo:

Kòman nou kapab evite diskriminasyon nan I-9 ak pwosesis verifikasyon anplwa a (How to Avoid Discrimination in the I-9 and Employment Verification Process). <https://www.justice.gov/crt/page/file/1132606/download>

Enfòmasyon pou patwon sou diskriminasyon ki baze sou estati Sitwayènte moun (Information for Employers on Citizenship Status Discrimination):

<https://www.justice.gov/crt/page/file/1080256/download>

Gid Depatman Jistis sou Absans Etablisman Korespondans Enfòmasyon SSA (U.S. Department of Justice's SSA No-Match Guidance):

<https://www.justice.gov/crt/ssa-no-match-guidance-page>